

# Sant Rekiperasyon apre Katastròf nan Collier County ap chanje lokal.

---

Release Date: November 7, 2022

**BRANDON, Fla.** - Sant Rekiperasyon apre Katastròf nan Collier County ap chanje lokal.

Sant nan Veteran's Community Park, 1895 Veteran's Drive, Naples, 34109 ap fèmen definitivman dimanch 6 novanm a 6 p.m.

Yon sant tanporè ap louvri lendi 7 novanm a 1:30 pm.

Adrès la se:

## Collier Museum nan Sant Gouvènman an

3331 Tamiami Trail East, Naples, FL 34112

Apati madi 8 novanm jiskaske sant la fèmen nèt ale dimanch 13 novanm, lè operasyon yo pral 9 am. rive 6 pm.

Sant Rekiperasyon apre Katastwòf yo mete enfòmasyon ki sòti nan ajans eta Florida yo, nan FEMA epi nan U.S.Ti Biznis Administrasyon ki disponib pou sivivan katastwòf yo. Sivivan katastwòf yo kapab jwenn èd lè yo aplike pou asistans federal ak prè pou katastwòf, modifye aplikasyon yo epi jwenn enfòmasyon sou lòt resous ki disponib.

Gen plizyè Sant Rekiperasyon apre Katastròf k ap fonksyone atravè 26 konte ki elijib pou asistans FEMA yo. Pou jwenn yon sant ki toupre w, ale sou Entènè sous: [DRC Locator](#) oswa [floridadisaster.org](http://floridadisaster.org), oswa voye tèks DRC ansanm ak kòd postal ou a nan 43362.

Kounye a, tout sant yo ap fonksyone sèt jou pa semèn. Lè yo ka varye. Pa gen randevou nesesè pou ou jwenn asistans.



**FEMA**

Page 1 of 2

Li pa nesesè pou yon moun ale nan yon sant pou li aplike. Sivivan yo kapab ale sou sit entènèt [disasterassistance.gov](https://disasterassistance.gov), itilize [aplikasyon mobil FEMA a](#) oswa rele 800-621-3362. Liy telefòn lan disponib chak jou sòti 7 a.m. rive 11 p.m. Lè nan Lès. Èd la disponib nan pifò lang. Si ou ap itilize yon sèvis relè, tankou relè videyo (VRS), telefòn ak soutit oswa lòt sèvis, bay FEMA nimewo pou sèvis sa a. Pou wè yon videyo ki aksesib sou fason pou aplike, vizite: [Tisit la Fason pou Enskri pou Asistans FEMA pou Katastwòf - YouTube](#).

Sèvis entèpretasyon ak materyèl tradwi disponib nan sant sa yo pou ede w kominike nan lang ou santi w pi alèz la. Yo chwazi lokal Sant retablman pou Katastwòf yo paske yo aksesib, nan objektif pou rive jwenn plis moun posib.

Anplis de sant yo, ekip Asistans pou Sivivan Katastwòf (DSA) FEMA yo ap chèche katye nan zòn ki afekte nan Siklòn lan pou ede rezidan yo aplike pou asistans FEMA epi reponn kesyon sou asistans federal. Ekip DSA yo gen inifòm FEMA sou yo epi yo gen badj idantifikasyon federal ki gen foto yo ladan l. Sèvis sa a gratis.

Asistans Endividyèl FEMA a kapab ede nan depans tanporè pou lojman yo, ti reparasyon nan kay yo ak lòt bezwen esansyèl moun kapab genyen apre dezast.



**FEMA**

Page 2 of 2